# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–12 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ से तीनि दिन क आम महोत्सव क सुभारम्भ कइलें। आयोजन के दौरान उहां के जापान के आम निर्यात करे वाला कंटेनर्स के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलीं। आम महोत्सव में आइल प्रगतिसील किसानन के सम्मानित कइले के सथहीं मुख्यमंत्री महोत्सव से जुड़ल स्मारिको क बिमोचन कइलें। समारोह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि देस क कुलि आम उत्पादन क पचीस से तीस फीसदी अकेल्ले प्रदेस में होला। प्रदेस सरकार पछिला सात–आठ सालि से आम महोत्सव आयोजित करे ला। अपने प्रगतिसील किसानन अउर बागवानन के सम्मानित करे ला। प्रदेस क उत्पादित आम के हम न खाली देस में बलुक दुनिया के बजारि में पहुंचा सकीं, एकरे खातिर सरकार ई कोसिस करे ले। आम महोत्सव जइसन लखनऊ में आयोजित हो रहल हौ, अइसन आयोजन देस–दुनियो में कइल जाला।

**********

प्रदेस में हो रहल बरखा अउर बान्हन से पानी छोड़इले के नाते बारह जिलन में जन–जीवन बाढ़ि से परभावित हौ। नदियन क जलस्तर बढ़ले के नाते लखीमपुर खीरी, सीतापुर, पीलीभीत, श्रावस्ती, बलरामपुर, बस्ती, बाराबंकी, गोंडा, बलिया, सिद्धार्थ नगर, शाहजहांपुर अउर कुशीनगर में बाढ़ि क असर बनल बा। प्रदेस के कुछु जिलन में राहत अउर बचाव कार खातिर सेनों क मददि लिहल जा रहल हौ।

पीलीभीत जिला क बीसलपुर तहसीलि बाढ़ि से सबसे ढेर परभावित हवे। हमार प्रतिनिधि बतवलें कि ओहां तीनि दरजन से बेसी गांव बाढ़ि के पानी से परभावित हवें अउर लोगि घरन के छत पर सरण लिहले हवें। शाहजहांपुर जिलवो में बाढ़ि के नाते जन–जीवन अस्त–व्यस्त हवे। ओहवां क जिलाधिकारी उमेश प्रताप सिंह बाढ़ि राहत सिविर क दौरा कइ के लोगिन के बिच्चे राहत सामग्री बांटि रहल हवें। शाहजहांपुर में सेना के मददि से लोगिन के सुरक्षित जगहिनि ले पहुंचावल जा रहल हौ।

ओहर मौसम विभाग अगिला दुइ दिन में प्रदेस के कई गो जिलन में गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क आगम जतवले हवे। विभाग के हिसाबि से येह दौरान आकासीय बिजुलियो गिरि सके ला। पच्छिमी उत्तर प्रदेस में तेज बेयारि के साथे बरखो क आगम जतावल गइल हौ।

**********

नेपाल के चितवन जिला के नारायणघाट–मुगलिंग सड़क राहि पर सिमलताल इलाका में यात्रियन के ले जा रहल दुइ बस भूस्खलन के नाते आजु भिन्नहीं त्रिसूली नदी में गिरि गइल, जेहमें पैंसठ यात्री सवार रहलें। नेपाल पुलिस के हिसाबि से काठमांडू से रौतहट के गौर जा रहल एगो बस में एकताली लोगि सवार रहलें अउर बीरगंज से काठमांडू जा रहल दुसरकी बस में चउबीस लोगि सवार रहलें, जेहमें सात गो भारतियो सामिल रहलें। नेपाल ससस्त्र पुलिस बल के आपदा प्रबंधन दल के साथे गोताखोर बचाव अभियान चला रहल हवें अउर बचाव करमी सड़कि राहि बहाल कइ रहल हवें। नेपाल क प्रधानमंत्री पुष्प कमल दहल प्रचंड ट्वीट कइले हवें कि ऊ येह घटना से बहुते दुखी हवें अउर उहां के प्रसासन से जुरते कार्यवाही कइले क निरदेस दिहले हईं।

**********

सावन महिन्ना में बनारस के काशी विश्वनाथ मंदिर के दरसन बदे बड़हन संख्या में आवे वाले सरधलुअन के ले के तइयारी जोरिया गइल बा। येह दौरान देस के कोना–कोना से आवे वाले भक्त लोगिन के सुविधा बदे काशी विश्वनाथ मंदिर कई तरह क कोसिस कइ रहल हवे। मंदिर क मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्व भूषण मिश्रा बतवलें कि येह बेरि सावन महिन्ना बाइस जुलाई से सुरू हो के ओन्इस अगस्त ले रही। येह अवधि में मंदिर प्रसासन की ओरि से गोदौलिया से गेट नम्बर चारि अउर मैदागिन से गेट नम्बर चार ले धाम में दरसन खातिर आवे वाले बिसिस्ट, अति बिसिस्ट, वृद्ध, दिव्यांगजन अउर असक्त दरसनारथियन के ई–रेक्सा से अइले क सुविधा दीहल जाई। सुरक्षा के लिहाज से पूरा धाम क्षेत्र के सीसीटीवी कैमरा से लैस करत कंट्रोल रूम बनावल गइल हौ। येह बेरि एगो नया व्यवस्था करत ललितो घाट पर जर्मन हैंगर लगावल गइल बा अउर जिगजाग क इंतिजाम कइल गइल हौ। धाम में मेडिकल टीमों क ड्यूटी तय कइल जाई जेहसे कउनों जरूरति परले पर उचित समय पर उचित इलाज दीहल जा सके। काशीवासियन क प्रवेस प्रस्तावित नया राहि से होई। सुरूआत में एके नेमी दरसनार्थियन बदे खोलल जाई। इंतिजाम मजबूत भइले के बाद एके काशीवासियन बदे खोलि दीहल जाई।

**********

अजोध्या के श्रीरामलला मंदिर के पहिला तल पर बनि रहल राम दरबार के दरसन खातिर श्रीरामजन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क अनुमति जरूरी होई। ई जनकारी ट्रस्ट क व्यवस्था प्रमुख गोपालजी राव दिहलें। उहां के फरियवलीं कि खाली अनुमति पावे वाले सरधलुये राम दरबार क दरसन करिहें अउर बाकी सरधालु लगतारे चलि रहल इंतिजाम के हिसाबि से श्रीरामलला क दरसन कइ सकिहें।

**********